



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 30/12/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AKÒDE PADON KONDISYONÈL POU PREMYE FWA A PLIS PASE 100 NOUYÒKÈ KI TE KONDANE POU KRIM LÈ YO TE GEN LAJ 16 AK 17 AN

Aksyon pou Premye Fwa nan Peyi a Ofri bay Nouyòkè ki te Kondane pou Krim Ki Pa Vyolan oswa Enfraksyon nan Laj 16 oswa 17 An epi Ki Te Rete San Komèt Krim Pandan Dis Ane

Gouvènè an Akòde 12 Klemans, Ki Genyen 5 Padon

Gouvènè Andrew M. Cuomo te akòde jodi a premye padon kondisyonèl yo a plis pase 100 Nouyòkè ki te kondane pou yon krim ki pa vyolan lè yo te minè, epi ki depi lè sa te viv san yo pa komèt krim pandan 10 ane oubyen pi plis. Sa make premye faz nan padon jenès ekzekitif yo depi ke Gouvènè an te anonse aksyon [premye fwa nan nasyon](#) sa an Desanm 2015, epi li se pi gwo kantite klemans ki te bay nan yon ane depi lè li te inogire an 2011.

“Nouyòkè sa yo te pase omwen yon dekad ki pwouve reyabilitasyon yo, men yo te enkapab pou reyentegre totalman sosyete an akòz estigma kondanasyon an ak baryè ki mache ak li yo,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “New York se yon eta opòtinite epi jodi a, nou ap akòde yon dezyèm chans a moun sa yo ak lòt moun ankò pou kapab viv jiska tout potansyèl yo, pou kapab okipe fanmi yo, epi sipòte kominote yo an. Ak aksyon sa yo, nou te fè yon lòt pa annavan pou rive genyen yon vil New York ki pi jis, pi lwayal epi pi konpatisan pou tout moun.”

Lè nou padone Nouyòkè yo ki te komèt krim yo nan yon laj ki jèn, Gouvènè an ap ede moun ki reprezante ti danje pou piblik lan, pandan li rekonèt ke sila yo ki gen yon rejis kriminèl granmoun, yo souvan ap fè fas a gwo difikilte pou kapab jwenn travay, jwenn admisyon nan inivèsite, jwenn lojman, epi vin lisansye nan kèk okipasyon. Padon ke y’ap akòde yo atravè pwogram sa yo kondisyonèl, sa ki vle di ke si yon moun pèdi tout chans, epi li gen yon nouvo kondanasyon, yo pral retire li.

Yo envite chak moun ki kalifye pou padon sa pou yo aplike apati sitwèb Gouvènè an, ny.gov/services/apply-clemency. Chak moun pral pase nan yon pwosesis sipèvizyon minisyè, epi manm estaf ajans yo pral fè yon rekòmandasyon bay Gouvènè a pou akòde yon padon si:

- Moun nan te gen 16 oswa 17 an nan moman li te komèt krim li te kondane pou li a.
- Gen 10 ane omwen ki te pase depi lè moun lan swa te kondane pou krim lan, swa te libere apre yon peryòd tan prizon pou krim sa, si sa aplikab.
- Moun lan te rete san kondanasyon depi lè sa.
- Moun nan te kondane pou yon deli oswa yon enfraksyon ki pa vyolan.
- Moun nan pa te kondane inisyalman pou yon krim seksyèl.
- Moun nan aktyèlman se yon abitan Eta New York.
- Moun nan te peye enpo sou tout revni yo.
- Moun nan se yon manm pwodiktif nan kominote li an, sa vle di ke moun nan ap travay, l'ap chèche travay, li lekòl oswa li pa kapab travay legalman.

An plis de envitasyon jeneral sa pou aplike, Administrasyon an te fè sansibilizasyon ki vize kandida yo pou padon an, nan voye lèt bay kandida ki kalifye yo ke yo te kapab jwenn enfòmasyon kontak yo, pou kapab envite yo pou aplike pou padon an.

Aksyon Gouvènè an kontinye ak jefò li yo pou kraze baryè yo pou moun ki gen kondanasyon kriminèl yo, ki enkli kreyasyon li an de yon Konsèy Rantre Kominotè ak Reyentegrasyon (Council on Community Re-Entry and Reintegration) pou redwi baryè yo pou sila yo ki genyen kondanasyon kriminèl yo. Ane sa, Gouvènè an te aksepte rekòmandasyon yo ki soti nan Konsèy lan pou aksyon ekzekitif yo, ki enkli ekzije Komite Libète Pwovizwa a (Board of Parole) pou konsidere risk aktyèl yon prizonye pou sekirite piblik lan lè y'ap pran yon desizyon pou liberasyon, epi entèdi konpayi asirans yo refize kouvèti pou biznis yo ki ap chèche anboche fòmèlman Nouyòkè ki enkasere yo.

Akò padon kondisyonèl jodi a pou moun ki te kondane antan ke moun ki te gen laj 16 ak 17 an, li retounen afime angajman Gouvènè an pou fè avanse kalandriye Leve Laj yo (Raise the Age), ak lòt mezi refòm jistis kriminèl yo.

Ane pase, Gouvènè an te anonse aksyon ekzekitif yo pou retire minè yo nan etablisman koreksyonèl leta pou granmoun yo, kote yo gen anpil chans pou yo viktim nan pi gwo pousantaj, epi kote yo ka aprann vin pi bon kriminèl nan men prizonye ki pi gran yo. Kòm yon rezilta [Òd Ekzekitif](#) Gouvènè an, Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè an (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) te transfere tout jèn fi yo ak tout jèn gason ki klasifye ak sekirite mwayen ak minimòm ki te jwenn santans nan prizon leta yo soti nan etablisman granmoun yo pou ale nan Etablisman Koreksyonèl Hudson lan (Hudson Correctional Facility).

Kòm yon pati nan Òd Ekzekitif lan, DOCCS te kolabore tou ansanm ak Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi yo nan Eta New York (New York State Office of Children and Family Services) pou kapab fòme manm estaf yo epi devlope pwogram ki baze sou jèn yo pou

delenkan ki pi jèn yo pandan l'ap asire tou sekirite manm estaf yo, prizonye yo ak kominote ki alantou yo. Sepandan, sa se sèlman yon etap enterim pliske Gouvènè a kontinye mande Kò Lejislatif la pou fè pase seri lwa Leve Laj la, ki gen ladan dispozisyon pou konkli krim ki te komèt nan jenès yo, apre ke yon moun te rete san fè krim pandan yon peryòd tan.

Gouvènè an te akòde tou senk padon ak senk konvètisman santans, men jan ak konvèti santans ki ekstrèmman long yo pou de (2) moun, sa ki pral pèmèt yo kounye a pou yo konparèt devan Komite Libète Pwovizwa a. Moun sa yo te demontre reyabilitasyon epi yo te fè pwogrè pozitif nan lavi yo depi kondanasyon kriminèl yo.

Mizajou Pwogram Padon Jèn yo

Jodi a, Gouvènè Cuomo te akòde premye padon kondisyonèl yo sou pwogram sa bay 101 Nouyòkè ki merite yo ki te kondane lè yo te gen laj 16 oswa 17 an pou krim ki enkli enfrazyon ki pa vyolan ak deli yo. Tout 101 benefisyè yo te pwouve tèt yo ke yo pozitif, yo te manm ki ap kontribiye nan kominote yo. Padon sa yo pral retire baryè yo kont opòtinite travay yo.

Gouvènè Cuomo jodi a te bay konvètisman santans yo pou rekonpanse jefò reyabilitatif yo, ak rejis enstitisyonèl pozitif yo ak ajisteman pou moun sa yo:

Anthony Desmae, 34 an, te sèvi prèske ywit (8) ane nan santans 10 ane prizon li an apre kondanasyon li pou Vòl nan Dezyèm Degre. Li te fè pwogrè eksepsyonèl nan amelyorasyon pwòp tèt li, ki enkli ranpòte yon GED (General Educational Development) an 2014. Mr. Desmae te enplike anpil antan ke yon fasilite gwoup epi yon moun sètifye ki ap pran swen animal ak pwogram 'Puppies Behind Bars' lan, kote prizonye yo fòme chen sèvis yo pou veteran Etazini yo ki ap retounen lakay yo ak twoub estrès pòs-twomatik. Li te travay tou antan ke yon asistan pwofesè nan kou GED yo. Lè li libere, li planifye pou retounen ini ak de pitit li yo, ki gen laj 15 ak 11 an. An dènye, li espere vin viv pi pre paran li yo nan Florida, epi kreye yon pwogram san bi likratif ki similè a pwogram 'Puppies Behind Bars' lan pou etablisman koreksyonèl Eta Florida yo.

Matthew Hattley, 49 an, te sèvi plis pase 24 ane nan santans 25 ane li an akòz Asasina nan Dezyèm Degre. Pandan ke li te anprizone, li te angaje li nan ede lòt moun, nan dirije seminè trètman agresyon yo ak abi sibstans yo, epi nan sèvi kòm yon vwa pou konpayon li yo nan kolòn regilye yo pou Shawangunk Journal, ki se yon jounal lokal nan Shawangunk, NY. Li te resevwa anpil felisite ak yon rekonpans nan men manm estaf etablisman ak òganizasyon yo. Dosye li an te jere 'pro bono' pa Legal Aid Society ansanm ak kabinè avoka Kirkland and Ellis lan atravè pwogram 'pro bono' Gouvènè an. Lè li libere, li planifye pouswiv yon karyè alafwa nan reparasyon sistèm chofaj yo ak oryantasyon pou jèn ki a risk enplikasyon jistis kriminèl lan.

Charlie Lee, 73 an, te sèvi plis pase 13 ane nan yon santans 16 ane, epi li pa gen istorik kriminèl anvan sa. Li te kondane pou Omisid nan Premye Degre nan Konte New York lan an 2004 apre li te fin tire ansyen mennaj gason de mennaj fi li an pandan yon diskisyon. Pandan enkaserasyon li an, li te reponn a prensipal ekzijans pwogramasyon li yo, ki enkli konplete Fòmasyon Ranplasman Agresyon an (Aggression Replacement

Training), epi li te demontre yon volonte pou chanje konpòtman li pou fè enpak pozitif sou lòt moun yo. Antan ke yon moun ki te fèt nan peyi End epi ki te vin natirize sitwayen Ameriken an 2004, Lee pare pou li ede lòt moun ki gen baz diferan yo pou jere defi yo ke y'ap fè fas a yo, ak baryè lang yo. Apre liberasyon li, Lee planifye pou viv nan yon kay granmoun kote li kapab fè volontarya nan kominote an antan ke yon entèprèt, epi retounen etabli koneksyon ak fanmi li an.

Felipe Rodriguez, 51 an, te sèvi prèske 27 ane nan yon santans 25 ane a pèpetyite apre kondanasyon li an pou Asasina nan Dezyèm Degre ak Posesyon yon Zam Kriminèl nan Katrityèm Degre. Pandan li te enkasere a, Rodriguez te eksele antan ke yon lidè ki devwe nan lafwa Katolik, ki te dirije adorasyon ak gwoup etid bibliyè yo, menm jan ak kontribisyon nan etablisman bilten enfòmasyon Katolik lan. An 2013, travay relijye li te fè li resevwa yon vizit elojye de Kadinal Timothy Dolan, ki se Achevèk New York lan. Rodriguez koni tou poutèt li itilize lafwa li pou kapab gide asasen an seri New York enfam lan, Artie Shawcross, pou mennen li nan ekspyasyon anvan lanmò Shawcross an 2008. Pandan dènye 26 ane yo, li te prepare tèt li pou yon lavi pwodiktif apre liberasyon li nan pran fòmasyon nan masònri, reparasyon televizyon ak radyo yo, ak babye, menm jan ak oryantasyon VIH/SIDA, ki te resevwa nòt wo nivo nan men enstwi tèt li yo nan tout kou yo. Felipe Rodriguez pral retounen ini ak pitit gason 30 an li an, ki te gen twa ane lè Mr. Rodriguez te anprizone, epi li espere la pou li antan ke yon papa lè li retounen.

Valerie Seeley, 61 an, te sèvi 15 ane nan yon santans a pèpetyite 19 ane pou Asasina nan Dezyèm Degre apre li te fin touye mennaj gason li an. Li gen yon istorik vyolans domestik ki dokimante ke li te sibi nan men mennaj li an, ki enkli li te gen yon òdonans pwoteksyon kont mennaj li an. Li te antre nan gwoup sipò vyolans domestik lan 'Steps to End Family Violence' (STEPS) anvan jijman an, epi li te rete aktif ak gwoup sa pandan tan li nan prizon. Li te amelyore pwòp tèt li nan travay pou atenn ekivalans lekòl segondè li an, epi li ap pran tout pwogramasyon reyabilitativ yo, ki enkli Terapi Ranplasman Agresyon an (Aggression Replacement Therapy). Granmè sa gen yon bon rejis disiplinè, epi lè li fin libere, li espere al viv ak pitit fi li an.

Gouvènè Cuomo jodi a te konvèti santans ki long yon fason ekstraòdinè yo pou de (2) moun, ki ap pèmèt yo konparèt devan Komite Libète Pwovizwa a nan premye trimès 2017 lan:

Judith Clark, 67 an, te sèvi plis pase 35 ane nan santans 75 ane a pèpetyite li an. Nan dat 14 Oktòb 1983, li te kondane pou Asasina nan Dezyèm Degre ak Vòl nan Premye Degre nan Konte Rockland poutèt li te kondwi veyikil echapatwa a nan vòl machin blennde nan Brinks an 1981. Clark, ki te konparèt 'pro se' nan jijman li an, li te resevwa yonn nan santans ki pi long yo pou sis ko-akize li yo, majorite ladan yo te swa desede swa yo pa nan prizon ankò. Li te resevwa menm santans an yonn nan tirè ke yo konnen yo. Sèl ko-akize fi li an, Kathy Boudin, ki gen patisipasyon li nan krim ki mansyone a ki te similè a pa Clark lan, li te resevwa yon santans 20 ane minimòm, epi li te jwenn libète pwovizwa an 2003, epi apre yo te ba li dechaj pou sipèvizyon libète pwovizwa a an 2010. Pandan li te nan Bedford Hills, Clark te fè pwogrè eksepsyonèl nan devlopman pwòp tèt li. Li te akonpli yon Diplòm Lisans (Bachelor's Degree) ak yon Diplòm Metriz (Master's Degree) nan Mercy College, epi li gen yon rejis programasyon prizon entansif

ki enkli ansèyman kou parantal prenatal yo nan Pwogram Enfimyè an, fondasyon yon pwogram edikasyon VIH/SIDA, fòmasyon chen sèvis yo nan pwogram 'Puppies Behind Bars' lan, ak sèvis antan ke yon asistan inivèsite. Apre sa, li te mentni yon rejis disiplinè pafè epi li te viv nan lojman onorab yo. Baze sou santans orijinal li an, li ta pral gen laj 106 an anvan li vin kalifye pou libète pwovizwa, sa ki t'ap kite li san yon opòtinite pou kapab konparèt devan komite libète pwovizwa a pandan peryòd lavi natirèl li an.

Jim Whitt, 50 an, te sèvi plis pase 20 ane nan santans 33 ane ak 1/3 a pèpetyite ki te enpoze nan fen 1990 yo anba gid santans sevè yo nan ansyen Lwa dwòg Rockefeller yo (Rockefeller Drug Law). Lè sa li te toujou yon jèn gason ki nan ventèn li lè li te kondane a pou Lavant Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Premye, Dezyèm ak Twazyèm Degre, ak Konspirasyon nan Premye Degre. Li ap sèvi santans konkourant konbine ki totalize 25 ane a pèpetyite nan prizon, ki te vin menm pi long akòz lòt santans adisyonèl ki pi kout yo pou mwens chaj ki enkli ki te fèt yon fason konsekitif. Whitt te yon delenkan ki pa vyolan ki pa't gen rejis kriminèl anvan sa, epi li pa't komèt okenn enfraksyon disiplinè nan dènye 10 ane yo. San konvètisman sa, li pa ta pral kalifye pou konparèt devan komite libète pwovizwa a jiska an 2030, lè li t'ap gen laj 63 an. Si yo te jije li jodi a, olye ke anba lwa dwòg Rockefeller yo, li pa t'ap fè fas a yon santans a pèpetyite. Ak konvètisman sa nan komite libète pwovizwa a, nou ap retire pinisman zewo tolerans, santans a pèpetyite a nan epòk Lwa dwòg Rockefeller an (Rockefeller Drug Law).

Gouvènè Cuomo jodia te pibliye padon ki annaprè yo:

DeJuan Callender, 42 an, te kondane poutèt li t'ap kondwi an dezòd ak operasyon san lisans pou yon veyikil ki te koze yon aksidan an 2002. Li pa te gen lòt aktivite kriminèl, men akòz ansyen istorik kriminèl li an yo te òdone pou retire li nan peyi a an 2005 – menm si yo pa't ekzekite òdonans lan inisyalman. Pandan plizyè ane, Mr. Callender te travay regilyèman epi nan rejis kòm yon konsyèj pou yon rezidans ki nan White Plains, NY, kote plizyè abitan te temwanye de etik travay li ak bon karaktè li. An 2015, li te plase nan prizon Fòs De Lòd Dwàn ak Imigrasyon yo (Immigration and Customs Enforcement) baze sou òdonans ranvwa 2005 lan. Li gen yon pitit gason ki gen sis ane ak yon madanm, yo toulède se sitwayen Ameriken. Baze sou evidans reyabilitasyon li an, menm jan ak sikonstans espesyal yo pou yon ranvwa de Etazini ki an atant lan, Gouvènè a ap akòde yon padon pou kontravansyon leta 2002 yo, ki te sèvi kòm rezon òdonans ranvwa a. Mr. Callender pral chèche pou retounen ouvri dosye òdonans ranvwa li an nan tribinal imigrasyon, apati itilizasyon padon an kòm yon sikonstans ki chanje.

Jessica Ennist, 33 an, te sijè divès kondanasyon poutèt li Kondwi Sou epi Fè Aso nan Twazyèm Degre pandan yon peryòd kote li te bwè anpil alkòl, ki an dènye lye te koze ke li te kite kolèj kominotè a. Li te rete san li pa bwè depi dènye kondanasyon li a an 2006, epi li te fè volontarya nan pwogram abi sibstans nan prizon yo, epi li te sipòte plizyè jèn moun ki ap konbat adiksyon. Li se aktyèlman yon elèv PhD nan Bozeman Graduate Chemistry Department of Montana State University, ki vize pou vin tounen yon chimis rechèch. Li te ranpòte prim rekonesans antan ke yon jèn fi nwa nan syans antan ke yon manm nan 'The SUNY Louis Stokes Alliance for Minority Participation' (SUNY LSAMP), epi li te patisipe nan yon rapò "SUNY LSAMP Student Success

Stories” an 2011. An plis, li te resevwa yon Sètifika Onè nan men ‘Collegiate Science and Technology Entry Program’ (CSTEP) nan Eta New York an Avril 2010. Yon padon pral pèmèt Ms. Ennist pou aplike pou sibvansyon rechèch federal yo antan ke yon chimis rechèch, ke li pa kapab fè aktyèlman akòz kondanasyon pase li yo.

Kelly Jarrett, 64 an, te kondane pou Asasina ak Vòl nan Premye Degre an 1977; an konsekans, li te kondane pou Evazyon nan Dezyèm Degre epi Tantativ Evazyon nan Premye Degre an 1979. Li te resevwa yon santans total 28.5 ane a pèpetyite nan prizon. An 2005, Ms. Jarrett te libere apre li te fin konplete santans 28.5 ane minimòm li an, epi li te libere ak sipèvizyon libète pwovizwa an 2008. Pandan enkaserasyon li an, li te kenbe yon rejis disiplinè ekselan, epi li te travay nan enfimri prizon an antan ke yon moun ki ap pran swen prizonye malad ki nan faz tèminal yo ki ap soufri de SIDA ak kansè. Konpasyon sa te elaji a pwofesyon li a an deyò prizon an, ak pou dènye 13 ane yo, li te abite epi li te travay nan Franciscan Missionary Sisters of the Sacred Heart, ki se yon kouvan relijye Katolik, kote li pran swen mèn ki malad ak sa ki aje yo. Ak padon sa, li planifye al etidye nan lekòl enfimyè, epi jwenn yon lisans enfimyè pou elaji opòtinite travay li yo.

Anthony Papa, 62 an, te kondane pou Lavant Kriminèl Sibstans Kontwole yo nan Premye Degre ak Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Premye Degre an 1985. Li te jwenn santans sou ansyen Lwa Dwòg Rockefeller yo pou 15 ane nan prizon; sepandan, apre ke li te fin sèvi 12 ane, santans li an te konvèti pa ansyen Gouvènè a George Pataki nan dat 23 Desanm 1996, li te libere soti nan prizon nan dat 23 Janvye 1997, epi li te reyisi konplete sipèvizyon libète pwovizwa a nan dat 25 Janvye 2002. Mr. Papa se yon otè ak yon pent. Li te pibliye de (2) liv sou eksperyans li lè li t’ap viv epi penn pandan 12 ane nan prizon an ki enkli *This Side of Freedom: Life After Clemency (2015)*, ak *15 to Life: How I Painted My Way to Freedom (2004)*. Èv atistik li an te etale nan mize yo, ki enkli Whitney Museum of American Art lan. Ak padon sa, Mr. Papa espere elaji opòtinite lojman ak travay yo, menm jan ak retabli dwa li pou li sèvi nan yon jiri.

Mitchell Pine, 63 an, te kondane pou Tantativ Lavant Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Sizyèm Degre, pou ki li te jwenn santans pou yon peryòd apwouvasyon senk ane. Depi lè sa li te mennen yon lavi ki obeyi lalwa nan zòn Fort Lauderdale ki nan Florida, li se papa 2 pitit gason granmoun ki otistik. Li te fè volontarya laplipa tan li nan sant sèvis otistik pitit gason li an, ki te enplike nan mendèv parantal yo pou papa yo ki gen timoun otistik yo, epi nan devlope nouvèl teknoloji yo ki ap pèmèt moun otistik yo kominike yon fason ki pi efikas. Mr. Pine pral itilize padon an pou kapab retounen ouvri demann li an nan sistèm tribinal Florida a pou kapab anrejistre antan ke yon gadyen legal pou pi jèn pitit gason li an, ki gen laj 18 an, pou ke li kapab jere asirans ak nesosite medikal pitit gason li an yo.

Mizajou Pwojè Pro Bono

Pwojè Klemans Pro Bono an ki te anonse pa Gouvènè a an Oktòb 2015 lan li ap vanse. Avoka volontè yo ki soti nan Asosiyasyon Bawo Eta New York lan (New York State Bar Association), Legal Aid Society nan New York lan, Asosiyasyon Avoka Konte New York lan (New York County Lawyer’s Association), Asosiyasyon Bawo Vil New York lan (New

York City Bar Association), Sèvis Legal Prizonye yo nan Pwojè Pro Bono New York lan (Prisoners' Legal Services of new York's Pro Bono Project), ak Pwojè Avoka Volontè yo (Volunteer Lawyers Project) nan Konte Onondaga yo te fòme pou prepare aplikasyon klemans yo atravè yon pwogram seminè ki te òganize pa Chanm Ekzekitif la (Executive Chamber) an Janvye. Avoka yo ki soti nan òganizasyon sa yo ap asiste aktivman moun yo ki aktyèlman enkasere nan prizon Eta New York yo ak seri aplikasyon yo an yo. Jefò sa yo te abouti a yon pwovisyon estab bon jan kalite aplikasyon pou klemans yo pou Biwo Gouvènè an revize.

Moun ki enterese aplike pou klemans yo ta dwe vizite sitwèb klemans Gouvènè Cuomo an – www.ny.gov/clemency - ki te lanse nan dènye ane a. Sitwèb la se yon resous santral pou moun k'ap chèche jwenn plis enfòmasyon konsènan klemans, kondisyon pou kalifikasyon, ak pwosesis aplikasyon an, ansanm ak fason pou soumèt dokiman aplikasyon yo yon fason elektwonik. Yo ankouraje manm fanmi ak zanmi moun k'ap pije santans prizon yo pou yo ale sou sit entènèt la epi aplike pou klemans nan non manm fanmi yo oswa zanmi yo an.

Senatè Eta Brad Hoylman te deklare: “Mwen aplodi ak tout kè mwen Gouvènè Cuomo poutèt li akòde konvètisman sa, ke mwen te sipòte, epi ki pèmèt Judith Clark konparèt devan Komite Libète Pwovizwa a. Mwen te rankontre Judith nan Etablisman Koreksyonèl pou Fanm yo nan Bedford Hills (Bedford Hills Correctional Facility for Women) lè mwen te fèk fin eli nan Sena a kat ane de sa, epi mwen te frape pa anplè redanpsyon pèsònèl li, ap sipò elaji pou klemans li andedan ak an deyò sistèm jistis kriminèl la. Atravè militid bon travay li yo, konpasyon pou prizonye parèy li yo ak amelyorasyon pwòp tèt li, Judith te plis ke pwouve ke reyabilitasyon reyèlman posib. Nouvèl jodi a se yon bèl ekzanp sou kijan sistèm jistis kriminèl nou an ta dwe fonksyone.”

Senatè George Latimer te deklare: “Gouvènè Cuomo merite kredi imans poutèt li rekonèt lè yon moun te chanje lavi yo, epi li merite jwenn yon padon ki pral retire yon baryè reyèl kont libète yo, menm jan ak ka DeJuan Callender an ki ap fè fas a depòtasyon. Sa se papa yon timoun ki gen sis ane, epi nou pa ta dwe pini li, men onore travay li pou reyabilitasyon epi vin tounen yon istwa siksè.”

David Buchwald, ki se Manm Asanble, te deklare: “Gouvènè Cuomo te montre konpasyon pou sila yo ki merite aksyon klemans li an, epi se ka a pou DeJuan Callender. Ak posibilite depòtasyon, Gouvènè an te kanpe jisteman pou kapab anpeche yon enjistis rive, pandan l'ap rekonèt reyabilitasyon ak transfòmasyon li an soti nan enkaserasyon pou vin yon manm nan kominote nou an.”

Nina Morrison, ki se Avoka Estaf Prensipal nan Pwojè Inosans (Innocence Project), te deklare: “Nou rekonesan dèske Gouvènè Cuomo te rekonèt rejis sèvis kominotè ekstraòdinè ak devouman anvè lòt moun ke Felipe Rodriguez te demontre pandan enkaserasyon li an, epi ke nou pa doute pral kontinye apre liberasyon li an. Gras a konpasyon Gouvènè an, li pral retounen ini ak fanmi li pou premye fwa nan plis pase vennsis (26) ane.”

Rossana Rosado, ki se Sekretè Eta nan Eta New York, te deklare: “Antan ke

Prezidan Konsèy Rantre Kominotè ak Reyentegrasyon Gouvènè an, mwen felisite aksyon Gouvènè Cuomo yo jodi a pou bay moun sa yo yon dezyèm chans ak opòtinite pou retounen nan fanmi yo ak kominote yo. Nou rete angaje nan abòde gwo seri defi yo ke moun ki te enkasere anvan yo ap fè fas a yo, yo menm ki te peye dèt yo bay sosyete a pou kapab ede konstwi fanmi ki pi solid ak kominote ki pi sekirize yo atravè tout New York.”

Elizabeth Gaynes, ki se Prezidan/CEO Asosiyasyon Osborne, te deklare: “Pandan de dekad kote l’ap travay an koulis, Osborne te aprann ke gen anpil fanm ak gason ki, san kenbe an kont krim yo, te transfòme lavi yo, yo pa poze risk a sekirite piblik lan, epi yo sèlman vle yon opòtinite pou kapab fè reparasyon pou mal ke yo te koze an. Sila yo ki te gen santans yo ki te konvèti jodi a te pran responsabilite pou krim yo, epi yo te demontre yon reyabilitasyon reyèl. Yo dwe felisite Gouvènè Cuomo poutèt kouraj ak sajès li nan demontre ke New York se yon tè dezyèm chans, nan rekonèt ke yon sistèm ki baze sèlman sou pinisman, li pa fè sosyete a ni jis ni sekirize, epi nan deklare posibilite redanpsyon pou chak nan nou.”

Anne Patterson, ki se Direktris STEPS Pou Mete Fen Nan Vyolans Familyal (STEPS to End Family Violence), te deklare: “Nou menm, nan ‘STEPS to End Family Violence’, nou vle ekspri gratitud pwofon nou bay Gouvènè Cuomo pliske li akòde klemans a Valerie Seeley. Fondatris nou renmen anpil lan, Sè Mary Nerney, te rankontre Valerie byen rapid apre li te fin arete epi li te mentni yon lyen solid avèk li jiska lanmò Sè Mary an. Pandan relasyon pandan lontan ajans nou an ak Valerie, nou te aprann sou pèn ke li te andire nan men patnè abizif li an. Nou te temwen tou de rezistans inabityèl Valerie an, aptitud li pou pèsevere devan pèt devastatris yo, ak sans remò reyèl li an. Nou apresye pwofondeman pou rekonesans Gouvènè an de sikonstans espesyal yo ki te kondwi a enkasasyon Valerie an, epi nou selebre aksyon konpasyon nòb sa.”

Anthony C. Thompson, ki se Pwofesè Klinik Lwa epi Direktè Sant sou Ras, Inegalite ak Lwa (Center on Race, Inequality and the Law) nan New York University School of Law, te deklare: “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo nan ekzèsis yonn nan responsabilite li ki pi enpòtan yo: nan akòde klemans a kandida sa yo ki merite li. Pandan ke klemans kapab yon kesyon difisil, Gouvènè an te demontre yon apwòch ak prekosyon epi ki byen panse nan demontre konpasyon ak redanpsyon pou moun sa yo. Nou remèsye li poutèt lidèchip kouraje li an.”

Ronnie Eldridge, ki se Ansyen Manm Konsèy NYC ak Direktè pou Divizyon Fanm yo sou M. Cuomo, te deklare: “Nan itilize pouvwa li pou akòde klemans a moun sa yo, Gouvènè an te fè yon deklarasyon pwofon nan rekonèt ke moun kapab chanje epi vin tounen yon fòs pozitif pou sa ki bon nan kominote yo. Sa se plis prèv ankò ki montre ke sistèm koreksyonèl nou an se pa jis yon kote pou pini, men tou se yon kote pou fè refòm, pou reyabilite, epi an dènye pou bay yon pi bon fason pou vanse.”

Max Kenner, ki se Fondatè ak Direktè Ekzekitif Inisyativ Bard Prison lan, te deklare: “Kit se klas inivèsite yo nan prizon yo oswa nan devlope pwogram ki baze sou jenès yo pou kapab anseye yo aptitud ke yo bezwen pou reyentegrasyon, Gouvènè an te chanje fondamantalman fason ke nou fè apwòch refòm jistis kriminel yo isit la nan

New York. Klemans sa yo demontre yon konpasyon ki merite anpil, epi li pral fè yon diferans transfòmatif nan lavi moun sa yo ak fanmi yo.”

Steven Zeidman, ki se Pwofesè CUNY, te deklare: “Gouvènè an te montre yon nivo konpasyon remakab nan desizyon li pou konvèti santans ki long lan yon fason eksepsyonèl kont Judith Clark, epi ba li chans pou defann dosye li devan Komite Libète Pwovizwa a. Kit li se jwenn yon edikasyon oswa ede lòt moun yo atravè pwogram ki ofri nan prizon yo, sa se yon opòtinite yon sèl fwa nan lavi pou montre Komite a jis a ki pwèn ke li te fè pwòp devlopman li.”

Seymour W. James, Jr., ki se Avoka An Chèf nan Legal Aid Society, te deklare: “Nou kontan pou nou ap travay ak biwo Gouvènè an sou dosye klemans yo pou kapab idantifye kandida ki valab yo ki kapab retounen etabli lavi yo, epi retounen kontribiye yon fason pwodiktif nan kominote New York nou an. Klemans te toujou yon sekirite pou fay kont pinisman sevè ki pa merite yo, patikilyèman pou sila yo ki te fè erè nan jèn laj yo, epi ki te travay di pou kapab reyabilite pwòp tèt yo.”

Ann Jacobs, ki se Direktè John Jay College of Criminal Justice’s Prisoner Reentry Institute, te deklare: “Konvètisman Gouvènè an pou santans Judy Clark lan pou konsiderasyon ki te fèt pa komite libète pwovizwa a li alafwa baze sou prensip yo epi li enspiran. Li mete an evidans sa ki pi bon nan valè Amerikèn yo –nan bay dezyèm chans, nan rekonèt ke mezi yon moun li plis pase sa ki pi mal ke yo te fè, men se sa ke yo te fè pou aprann de erè yo epi pou rekipere. Depi dè dekad kounye a, Judy te yon manm esansyèl nan kominote fanm ki enkasere yo ki te wè bezwen yo epi ki te jwenn fason kreyatif pou abòde yo menm nan limit yon prizon. Judy te yon atou nan kominote Etablisman Koreksyonèl Bedford Hills lan, epi mwen konfyan ke li pral kontinye jwenn fason pou li kontribiye nan sosyete a si yo libere li.”

Soffiyah Elijah, ki se Direktris Ekzekitif, Alyans Fanmi yo pou Jistis (Alliance of Families for Justice), te deklare: “Yo dwe felisite Gouvènè Cuomo poutèt desizyon enpòtan sa pou akòde klemans, atravè konvètisman ak padon yo, bay yon gwoup siyatè petisyon ki merite li. Desizyon li an rekonèt enpòtan redanpsyon ak reyabilitasyon; ke moun ta dwe jije kòm moun ke yo ye jounen jodi a men pa kòm moun ke yo te ye depi dè dekad de sa. Nan ka Valerie Seeley a, yon sivivan vyolans domestik, akò klemans sa rekonèt seri sikonstans konplèks yo ki te antoure lavi ak soufrans yon moun ke yo te maltrete. Sa se yon pa ekstrèmman enpòtan nan bòn direksyon an pou New York.”

Claudia Angelos, ki se Pwofesè Lwa, NYU, yon avoka ki reprezante Kelly Jarrett nan fen 1970 yo ak 1980 yo, te deklare: “Pandan long anprizònman Patsy Kelly Jarrett lan, epi depi liberasyon li sou libète pwovizwa, li te viv yon lavi ak gras ekstraòdinè. Akò padon Gouvènè an se yon aksyon jistis reyèl ki ap sèvi tout moun ki nan eta nou an.”

Scott Christianson, Ph.D., ansyen ofisye jistis kriminèl Eta New York, te deklare: “Mwen pa kapab imajine yon benifisyè ki pi apwopriye pou klemans ekzekitif lan ke Patsy Kelly Jarrett, ki se yon moun ki te sèvi pandan plis pase 28 ane nan prizon, epi ke lavi li depi dechaj bonè li a nan libète pwovizwa te ekzanplè, epi te montre pi plis ke li te

merite yon padon. Depi lè liberasyon li soti nan prizon an 2005—kote ni fanmi viktim lan ki te desede an, ni ofisyèl jistis kriminel leta oswa lokal yo te opoze a sa—Ms. Jarrett te travay san fatig pou pran swen moun aje ak mè enfim yo nan yon kouvan ki nan Peekskill, epi yon padon pral ede li chèche yon lisans pou kapab bay swen sante adomisil. Li pa poze okenn risk epi pa fè okenn ostilite kont pèsòn. Li se yon modèl vèti.”

Bennett Gershman, ki se Pwofesè Lwa, Pace Law School ak ansyen pwosekitè ak Biwo Manhattan District Attorney an, te deklare: “Mwen te vin an premye okouran de dosye Kelly a nan kòmansman 1990 yo, epi mwen te toujou frape pa kouraj, pèseverans, ak angajman Kelly anvè moun sa yo ki plis bezwen asistans. Li te yon prezans transfòmatif nan lavi yon pakèt moun ke li te touche. Travay li andedan prizon an ak apre—nan non moun ki vilnerab, fèb, ak malad yo—li byen dokimante. Bonte li, imanite li, ak konpasyon li te leve lespri yo epi enspire lespwa nan yon pakèt moun. Kelly se ekzakteman mòd moun pou ki lwa klemans lan te fèt pou ka itilize.”

Abbe Smith, ki se Pwofesè Lwa, Direktè, Criminal Defense & Prisoner Advocacy Clinic, Georgetown University Law Center, ak avoka Kelly Jarrett, te deklare: “Klemans se pou moun ki pi ekstraòdinè yo epi ki plis merite yo ki dedike lavi yo pou sa ki pi bon yo. Apre li te fin pase prèske 30 ane nan prizon, Patsy Kelly Jarrett te kontinye viv yon lavi sèvis nan mond ekstèn lan. Chak lavi moun li touche vin pi bon pou yo—epi li pral kounye a kapab pran swen plis moun ki aje ak moun ki malad yo, san anpèchman yon rejis kriminel. Mwen pa te ka pi rekonesan anvè Gouvènè Cuomo poutèt li ekzèse pouvwa ekzekitif li pou yon moun valab konsa.”

Michael Cordozo, ki se ansyen Prezidan Asosiyasyon Bawo Vil New York lan (New York City Bar Association), ansyen Konsèy Kòporasyon Vil New York sou Majistra Bloomberg, ak avoka an ekzèsis pandan lontan, te deklare: “Mwen kontan anpil dèske Gouvènè an te chwazi pou ekzèse pouvwa klemans li an nan pouswit jistis majè sa. Etandone kokennchenn reyalite ki antoure Judith Clark, mwen aplodi li poutèt li pran desizyon sa.”

###